

2 desanm

Menmjan fè file fè, konsa tou pou moun, yonn aprann nan men lòt. Pwovèb 27. 17

Gen zanmi se pran yo vin pran. Men gen zanmi tou yo plis pase yon frè. Pwovèb 18. 24

(Jezi di :) Nenpòt moun ki va bay yonn nan ti piti sa yo menm yon gode dlo fret... moun sa a p ap pèdi rekonpans li. Matye 10. 42

Rekonfò

Senyè Jezi, pandan ministè li sou tè a, te konnen izòlman moral nan mitan yon monn ki rejte l. Konsa, nan okazyon kote kèk moun te rive konprann li se te yon vrè rafrechisman pou li : fanm Samaritèn nan ki te mande li dlo fre nan pi Sicha, Pyè ki te pwoklame li Pitit Bondye, Mari moun Betani ki te vide sou li yon pafen ki vann trè chè, brigand sou kwa a ki te rekonèt li kòm wa...

Apòt Pòl youn nan fidèl imitatè Jezi yo, te bezwen li menm tou ankourajman. Li te nan prizon nan peyi Wòm kote li t ap tann siplis li, li te bezwen ankourajman tou, konsa, li ekri nan dènye lèt li a : “Onezifò te vrèman ankouraje m, li pa t wont paske mwen te anchene, li te chache m avèk anpil swen jis li te jwenn mwen” (2 Timote 1. 16, 17).

Se pa te yon mens afè pou yon moun nan peyi wòm te vizite prizon kote Pòl te fèmen an, yon demach konsa te gen anpil ris ak danje. Donk, yon vizit konsa te vrèman konsòle Pòl.

E nou menm jodi a, kretyen ? Nou konn santi nou izole, n ap viv poukont nou, san pèsonn pa konprann nou ? Alò, ann fè tankou Onezifò. Ann Chache wè lòt zanmi kretyen parèy nou pou n ankouraje yo. Pataje avèk yo sousi lavi sa a, pale avèk yo de sa Senyè a ka fè, de fidelite li, swen pwovidansyèl li, sipriz li sere pou pitit li yo ak jan li renmen nou.

Pa bliye moun ki malad yo, moun ki fin granmoun yo, k ap tann konsa yon vizit nou tankou yon reyon solèy lè li fè frèt, pandan yap viv poukont yo.

2 décembre

Un homme ranime le visage de son ami.

Proverbes 27. 17

Il est tel ami plus attaché qu'un frère. Proverbes 18. 24

(Jésus dit :) Quiconque aura donné à boire seulement un verre d'eau fraîche à l'un de ces petits... ne perdra pas sa récompense. Matthieu 10. 42

Réconfort

Le Seigneur Jésus, pendant son ministère sur la terre, a connu la solitude morale au milieu d'un monde qui le rejetait. Aussi, les quelques occasions où des personnes l'ont compris ont-elles été pour lui un vrai rafraîchissement : la Samaritaine lui demandant de l'eau vive au puits de Sichar, Pierre le proclamant Fils de Dieu, Marie de Béthanie versant sur lui un parfum de grand prix, le brigand sur la croix le reconnaissant comme roi...

L'apôtre Paul, fidèle imitateur de Christ, avait, lui aussi, besoin d'être encouragé. Dans une prison à Rome où il attendait le supplice, il écrivit dans sa dernière lettre : "Onésiphore... m'a souvent réconforté et n'a pas eu honte de mes chaînes... Il m'a cherché soigneusement et il m'a trouvé" (2 Timothée 1. 16, 17).

Ce n'était pas une mince affaire que de chercher dans Rome la prison où Paul était enfermé, et la démarche n'était pas sans danger. Aussi cette visite a-t-elle été pour Paul une grande consolation.

Qu'en est-il de nous, chrétiens, aujourd'hui ? Nous sentons-nous seuls, incompris ? Alors, faisons peut-être comme Onésiphore. Approchons-nous de nos amis croyants. Partageons nos soucis, et surtout parlons du Seigneur, de sa fidélité, de ses soins imprévus, des surprises de son amour.

N'oublions pas les malades, les personnes âgées, qui apprécieront une visite comme un rayon de soleil dans la solitude de leur journée.